# BASLAWISH KLASSLARDA MUZIKA OQITIWDIŃ MAZMUNI HÁM METODIKASI

**Shamurodova Madina Xolmurod qizi**

Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı "Muzıkalıq tàlim",

bakalavr tálim baǵdarı 2-kurs studenti.

https://doi.org/10.5281/zenodo.15204391

***Annotatsiya.*** *Maqalada házirgi waqıtta muzıka páni oqıtıwshılarınıń wazıypaları, házirgi dáwirde tálim sistemasına innavacion texnologiyalardıń kirip keliw abzallıqları hám olardıń áhmiyeti haqqında keń tusinik* berilgen.

***Gilt sózler:*** pedagogika, ilim, *muzıka, áwlad, ásbaplar, kórkem-*óner, innovaciya, *dástúriy, tárbiya, metod, mádeniyat.*

## THE IMPORTANCE OF NATIONAL MUSIC IN MUSIC LESSONS IN SCHOOLS

***Abstract.*** *The article gives extensive information about the efforts of teachers of music disciplines at present, the advantages of introducing innovative technologies into the education system in the modern world and their importance.*

***Keywords:*** *music, song, teaching, science, tools, innovation, art, method, and culture.*

## ЗНАЧЕНИЕ НАЦИОНАЛЬНОЙ МУЗЫКИ НА УРОКАХ МУЗЫКИ В ШКОЛАХ

***Аннотация.*** *В статье даны обширные сведения об усилиях преподавателей музыкальных дисциплин в настоящее время, преимуществах внедрения инновационных технологий в систему образования в современном мире и их важности.*

***Ключевые слова:*** *музыка, песня, педагогика, наука, инструменты, инновация, искусство, метод, культура.*

Házirgi glaballasıw dáwirinde tálim sistemasına innavacion texnologiyalardıń dúnya júzinde keń tarqalǵanı sebepli oqıwshılardıń logikalıq, kreativlik hám erkin pikirlew kónlikpelerin payda etiw arqalı jas awladtı jahan standartı talabına juwap beretuǵın dárejege jetkeriw búgingi kúnniń baslı wazıypalarınıń biri esaplanadı.

Xalıq bilimlendiriw tarawında oqıwshılardı hár tárepleme rawajlanġan, salamat insan etip tarbiyalaw máselelsi áhmiyetli bolıp tabıladı. Mámleketmizdiń gárezsizlikke erisiwi menen tálim-tárbiya protsesine ayırıqsha itibar qaratıldı. Sabaq procesinde xalqımızdıń milliy ùrp-ádet, qadriyatlarınan paydalanıwġa keń mùmkinshilikler jaratıldı.

Respublikamızdıń gárezsizlikke erisiwi menen xalıq bilimlendiriw tarawında tùpkilikli ózgerisler ámelge asırıldı. Hùkimetimiz tárepinen qabıl etilgen Kadrlar tayarlaw milliy baġdarlamasınıń tolıq iske asırılıwında pedagoglardıń roli ayırıqsha.

Sebebi, keleshek áwladtı turmısqa tayarlaw wazıypası jùkletilgen. Solay eken hár bir xalıq bilimlendiriw xızmetkeri kámil insandı tárbiyalawda óz ùlesin qosıwı kerek. Bunda keleshek jas áwladlarımız tálim-tárbiya almaqta. Oqıwshılarda házirgi zamanımızġa say ádep-ikramlılıq mùnásebetlerdi qáliplestiriw zárùr.

Mámleketimiz tárepinen qabıl etilgen «Háreketler strategiyası»nda hám 2019 jıl 19 mart kúni Prezidentimiz Sh.M.Mirziyaeв tárepinen belgilep berilgen jaslar tárbiyasına baylanıslı 5 tashabbus boyınsha jumıs alıp barıw hám jaslardıń tálim-tárbiyası máselelsine ayırıqsha itibar berilmekte.

Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde oqıwshılar barlıq pánler boyınsha tıyanaqlı bilim aladı hám sol boyınsha kónlikpelerge iye boladı.

Hár qanday qánigeliktiń ózine tán ózgeshelikleri boladı. Muzıka oqıtıwshısı házirgi zaman talaplarına juwap bere alıwı ushın ózi de hár tárepleme jetilisken-dùnyaġa ilimiy kóz-qarasları qáliplesken óz kásibiniń mamanları bolıwı kerek. Muzıka oqıtıwshısı sabaq beriw menen birrelikte tárbiyalıq islerdi de alıp baradı. Muzıka sabaġı тийkarınan jas áwladlardı gózzallıq sezimlerine жeteklewshi ilim-tarawı bolıp espalanadı. Sonıń ushında V.A.Suxomlinskiy «Muzıka-bul tárbiyashı hám balalardıń ruwxıy birligin payda etiwshi eń qolaylı jaġday hám muzıka adamlardıń haq kewilligin ashıwġa járdemlesedi, jas áwladlardı gózzallıq dùńyasına baslaydı»-dep jazġan edi.

Muzıka oqıtıwshısı oqıwshılarda isenim, estetikalıq lázzet, joqarġı sezimtallıqqa baslaġan isin aqırına jetkeriw, sabırlılıq h.t.b. unamlı pazıyletlerdi qáliplestiriwshi oqıtıwshı hám tárbiyashı bolıp esaplanadı. Muzıka oqıtıwshısı óz qániygeliginiń mamanı bolıw menen birlikte jámiyettiń rawajlanıwınıń hám onıń qáliplesiwine óziniń bay tájiriybesi sezgirli uqıplılıġı estetikalıq joqarı jalġanlıġı menen basqa kásip iyelerinen ajıralıp turadı. Muzıka oqıtıwshısınıń jeke sıpatları haqqında:-muzıka oqıtıwshısı saz áspabında sheber oynay alatuġın sazende (muzıkant) bolıwı shárt. Ol óziniń uqıplılılġı menen notalardı sol`fedjio etip oqıy alatuġın sonıń menen qatar logikalıq dóretiwshilik (improvizatsiya) uqıplarġa da iye bolıw kerek.

Muzıka oqıtıwshısı óziniń jaġımlı dawısı menen oqıwshılarġa emotsiyalıq tásirler jasaw hám dirijerlıq uqıplıqqa da iye sonday-aq muzıka sawatı, muzıka ádebiyatı, tariyxı ulıwma muzıka tilin tùsinetuġın onı talqılap analiz ete alatuġın uqıplıqlarına da iye bolıwı kerek.

“Bala jumıstıń kópliginenen emes, al onıń bir qıylılıġınan sharshaydı”-dep K.D.Ushinskiy aytqanınday, balalar kúndelikli birdey, dástúriy sabaqlardan jalıġıwı múmkin, biraq hár bir sabaq interaktiv metodlardan paydalanılıp,imkaniyatı bolġanınsha axborat texnologiyalardan da paydalanıp ótilse oqıwshılardıń aqılıy, intellektuallıq, kommunikativlik, sheriklikte birge islesiw qábiletleri asıp baradı.

Ullı kompozitor Dm. Shostakovich «Ullı muzıka iskusstvosın suyiń xám qádirleń. Ol sizlerge oylawdın, oylawdın putin bir duńyasın ashıp beredi. Ol siziń ruwxıy duńyańızdı kusheytedi. Siz sol waкıtta jańasha duńyanıń sulıw ráń báreń táreplerin kóre alasız. Muzıka arqalı siz kórinbeytuğın kushlerdi tabasızlar» - degen edi. Muzıka da, ádebiyat, teatr, sùwretlew óneri siyaqlı adamnıń sana-sezimine, turmısına, ómirine ùlken tásirin tiygizedi. Onıń jámiyettegi bolıp atırǵan hámme ózgeriske tikkeley qatnası bar̀.

Muzıka oqıtıwshısı óziniń jámiyetlik islerde belsene qatnasıwları menen bir qatarda, jámiyetlik ilimler menen pedagogikalıq-psixologiyalıq hám metodikalıq pánlerden de jaqsı bilimlerge iye bolıw hám de házirgi zaman pedagogikalıq texnologiya ilimi menen de qurallanǵan yaǵnıy bilimde tereńirek tùsinikke iye bolıwın talap etedi, sebebi oqıtıwshınıń aldına házirgi zaman talaplarına say oǵan juwap bere alatuǵın maman kadrlardı jetlistiriw- onıń ushın komp`yuterdlerdi de ózlestiriwlerdi talap etedi.

“Innovaciya-bul keleshek degeni. Biz ullı keleshegimizdi qurıwdı búginnen baslaytuǵın bolsaq,onı innovaciyalıq pikirler ,innovaciyalıq qatnaslar tiykarında baslawımız kerek”.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziyoev.

Muzıka sabaǵınıń wazıypasın tek estetikalıq tárbiya menen sheklew mùmkin emes. Bunda muzıka sabaǵınıń ùsh tárepli birligi menen ámelge asırıladı:

1- muzıka sabaǵı muzıkalıq bilim, uqıplılıq hám kónlikpelerdiń payda bolıwına, muzıkanı seziwdiń , qabıl etiwdiń rawajlanıwına hám usı arqalı estetikalıq tárbiyanıń beriliwine alıp barıwı tiyis.

2- muzıka sabaǵındaǵı is – háreketler ayaq oyınları h.t.b. arqalı fizikalıq tárbiyaǵa hám gózzallıq tuyǵısına, bahalılıq sistemasına tásir kórsetiliwi kerek.

3- tárepten hár qanday qosıq óz mazmunına, tiline, óz tıń lawshısına iye.

Solay eken usı belgileri arqalı oqıwshılardı óz Watanın, el – xalqın sùyiwge, miynetti hám miynet adamın xùrmet etiwge ana tábiyatqa ǵamhor bolıwǵa, insanlarǵa mehriyban, kishi peyil bolıwǵa ulıwma barlıq unamlı insaniy paziyletlerge tarbiyalawı mumkin.

Muzıka sabaǵında qosıq uyretiwden tısqarı balalarǵa muzıka tıń latıw áhmiyetli orındı iyeleydi. Sebebi qosıqlardı uyretpesten aldın olarǵa usı shıǵarmalardı tıń latıp kórsetemiz.

Muzıkanı tıńlaw arqalı olardıń esitiw qábileti rawajlanadı, tıńlanǵan shıǵarmalardı este saqlaw uqıbı payda boladı.

Solay etip, muzıka mádeniyati, insannıń keleshekte jetik insan bolıp úlken járdem beredi.

Keleshek áwladlardı óz Watanına, eline, xalqına, tuwılǵan jerine sadıq niyetli, sanalı etip tárbiyalaw, tıyanaqlı bilim beriw hám olarǵa ustazlıq etiw, biz muzıka mádeniyati páni

oqıtıwshıları, qala berse barlıq kórkem-óner xizmetkerleri, ulıwma jámiyetimizde jasap hám xizmet etip atırǵan túrli qániyge iyeleri bolǵan ustazlar hám insanlar óz xizmetlerin ayamay xizmet etiwimiz kerek.

Muzıkanı súyetugın hár bir insan, álbette óz Watanına, eline, xalqına, tuwılǵan jerine sadıq insan bolıp jetilisedi dep oylayman.

Mekteplerdegi muzıka madeniyatı sabaǵı basqa sabaqlar qatarlı balalardıń sana – sezimin, aqıllı, ádep – ikramlı bolıp ósiwine úlken tásirin tiygizedi.

**REFERENCES**

1. Mirziyoyev Sh.M. «Ma’rifat» jurnali. -2018.-13 iyun, № 47;
2. Sharipova G.M. Musiqa oqitish metodikasi Toshkent-2018
3. Sharipova G.M. Najmiddinov Musiqa oqitish metodikasi Toshkent-2018
4. Omanullaev D. «Umumiy tálim maktablari uchun musiqa dasturlari» T.1992;
5. A.Omarova. BASLAWISH KLASSLARDA TÁRBIYA PÁNIN OQITIWDIŃ ÓZINE TÁN ÓZGESHELIKLERI "NEW RENAISSANCE" international scientific journal.
6. https://studfile.net/preview/21641401/